

## PIWULANG MORAL SAJRONE SERAT WULANG PUTRA

**Maulina Titis Ayu Respati, Dra. Sri Wahyu Widayati, M.Si**

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa)

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Surabaya

amaulinatitish@yahoo.com

### Abstrak

*Serat Wulang Putra* mujudake serat kang kalebu kasusastran Jawa klasik. Serat diripta dening Pakubuwana IX awujud tembang. Serat ngemot babagan onjo yaiku moral. Serat nduweni tema piwulangan moral kang migunani kanggo kabeh pihak. Panaliten ngenani piwulangan moral minangka serat kang narik kawigaten salah sijine amarga durung tau ditliti.

Adhedhasar andharan kasebut, prakara kang dadi underane panaliten ing kene, yaiku (1) kepriye deskripsi naskah *Serat Wulang Putra*?, (2) kepriye piwulang moral kapribadhen sajrone *Serat Wulang Putra*?, (3) kepriye piwulang moral sosial sajrone *Serat Wulang Putra*?, (4) kepriye piwulang moral agama sajrone *Serat Wulang Putra*?, lan (5) kepriye piwulang moral kang kinandut sajrone *Serat Wulang Putra* gegayutan karo umur bocah.

Panaliten kang ngandharake babagan moral minangka babagan sumirat sajrone serat ditintingi kanthi teori sosiologi sastra. Teori sosiologi sastra ing panaliten iki yaiku teori kang merkarakake babagan sumirat sajrone karya sastra iku dhewe. Metodhe kang digunakake yaiku metodhe deskriptif analitik. Metodhe deskriptif analitik nduweni tujuwan kanggo nggambarkerake kanyatan sajrone dhata. Lan konsep kang digunakake yaiku konsep moral lan pendhidhikan anak. Panaliten iki kalebu panaliten kapustakan. Data ing panaliten iki arupa tetembungan sajrone serat.

Asiling panaliten iki nuduhake *Serat Wulang Putra* ngemot piwulangan luhur kang bisa dadi dhasar mangun karakter becik bocah. Piwulangan moral ing panaliten miturut konsep moral diperang dadi telu, yaiku: (1) piwulang moral kapribadhen, (2) piwulang moral sosial, lan (3) piwulang moral agama. Piwulang moral kang ana uga diperang maneh miturut konsep pendhidhikan anak dadi telu, yaiku (1) piwulang moral kanggo bocah, (2) piwulang moral kanggo remaja, lan (3) piwulang moral kanggo dewasa.

### PURWAKA

#### Landhesane Panaliten

Masyarakat Jawa wus kaloka nduweni budaya kang adiluhung. Budaya Jawa kang kaloka anduwe nilai adiluhung. Budaya Jawa wus kaloka uga kabukti saka akehe masyarakat lokal lan masyarakat manca kang nganakake panaliten kanthi objek naskah. Naskah-naskah kasebut narik kawigaten masyarakat lokal utawa manca amerga ngemot sakabehe aspek piwulang ing panguripan. Nilai-nilai luhur sajrone naskah kasebut yen diwedharake bisa nguwatake "jati dhiri" lan bisa nggambarkerake caraning tumindak salaras karo budaya asli tamtune budaya Jawa.

Budaya Jawa yaiku gegambaran budine wong Jawa kang ngemot ide lan kekarepan kanggo nggayuh urip tentrem. Miturut Koentjaraningrat (1985:10) wujud kabudayan kaperang dadi telu yaiku (1) wujud idel, (2) wujud tumindak, lan (3) wujud fisik. Salah siji wujud kabudayan kang isih perlu diwedharake yaiku wujud kabudayan kang asipat abstrak.

Kabudayan kang asipat abstrak yaiku ide utawa gagasan kang ana sajrone alam pikire manungsa (Koentjaraningrat, 1985:5). Kabudayan kang asipat abstrak supaya bisa diwaca dening masyarakat sacara turun temurun tamtune kanggo generasi mudha biyasane asring ditulis wujud naskah.

Naskah Jawa iki diasilake dening masyarakat Jawa lan sumebar ing masyarakat Jawa. Naskah Jawa bisa kaperang manut wektu pangrembakane lan jinising reription sastrane. Kasusastran Jawa manut wektu lan jinising reription sastra kaperang dadi papat yaiku, (1) kasusastran Jawa kang nggunakake basa Jawa Kuna kanthi wujud reription sastrane arupa kakawin, (2) kasusatran Jawa kang nggunakake basa Jawa madya kanthi wujud reription sastrane arupa kidung, (3) kasusastran Jawa Klasik kanthi wujud reription sastrane arupa tembang macapat (4) kasusastran Jawa kang nggunakake basa Jawa modern utawa mutakhir kanthi wujud reription sastrane arupa panganggone puitika sastra saka

bangsa kulonan utawa Eropa (Purnomo, 2013:140).

Naskah Jawa anyar akeh banget cacahe, katitik saka tuwuhe kaperang dadi naskah kraton lan naskah pesisiran. Naskah kraton minangka asil kabudayan Jawa kang ngrembaka ing lingkungan kraton Yogyakarta lan kraton Surakarta (Purnomo, 2013:141). Dene yen dideleng saka wujude, naskah ana kang awujud gancaran lan tembang (Djamaris, 2002:5).

Naskah-naskah Jawa klasik kang awujud tembang macapat sejatine akeh kang wus disalin. Naskah-naskah salinan kasebut asring kasebut serat. Salah sijine yaiku *Serat Wulang Putra*.

*Serat Wulang Putra* kang dadi objek panaliten awujud tembang macapat lan nggunakake tulisan latin cetak. Jumbuh karo irah-irahane yaiku *Serat Wulang Putra*, isi sajrone serat ana babagan kang paling onjo yaiku piwulangan moral kang bisa diwulangake marang sakabehe pawongan. Piwulangan moral sajroning serat diwulangake awit cilik kanggo mujudake karakter becik ing wektu tembe. Mula, ing panaliten iki kanggo nganalisis piwulang moral kang kinandut sajrone serat nggunakake teori sosiologi sastra kang nengenake aspek karya sastrane.

### Underane Panaliten

Adhedhasar lelandhesaning panaliten kang wis diandharake ing ndhuwur bisa didudut ing underane panaliten kaya mangkene:

- 1) Kepriye deskripsi naskah *Serat Wulang Putra*?
- 2) Kepriye piwulang moral kapribadhen sajrone *Serat Wulang Putra*?
- 3) Kepriye piwulang moral sosial sajrone *Serat Wulang Putra*?
- 4) Kepriye piwulang moral agama sajrone *Serat Wulang Putra*?
- 5) Kepriye piwulang moral kang kinandut sajrone *Serat Wulang Putra* gegayutan karo umur bocah?

### Tujuwan Umum

Adhedhasar Underane panaliten ing dhuwur, kang dadi tujuwan panaliten lumantar *Serat Wulang Putra* iki yaiku:

- 1) Njlentrehake deskripsi naskah sajrone *Serat Wulang Putra*
- 2) Njlentrehake piwulang moral kapribadhen sajrone *Serat Wulang Putra*
- 3) Njlentrehake piwulang moral sosial sajrone *Serat Wulang Putra*

- 4) Njlentrehake piwulang moral agama sajrone *Serat Wulang Putra*
- 5) Ngandharake piwulang moral kang kinandut sajrone *Serat Wulang Putra* gegayutan karo umur bocah.

### Paedahe Panaliten

Panaliten iki dikarepake bisa menehi paedah kanggo ngrembakake lan nambahi kawruh tumrap sekabeyan pihak. Paedah kang bisa dijupuk saka panliten iki yaiku : a) panaliten iki bisa nambahi kawruh ngenani nilai-nilai luhur kang kinandut sajrone sastra lawas yaiku *Serat Wulang Putra*, b) bisa nambah tetembungan basa Jawa sastra klasik, c) panaliten iki dikarepake bisa dadi dhasar pamaca ngerten lan nyinaoni nilai-nilai luhur kang bisa dadi patuladhan lan bisa ditrapake ing tumindak saben dina.

### Wewatesan Istilah

Wewatesan istilah anduweni pangajab supaya ora ana salah pangerten lan supaya kabeh pihak nduwensi konsep kang padha ngenani istilah kang digunakake sajrone panaliten iki. Ing ngisor iki bakal njlentrehake istilah-istilah kang anagegayutane karo irah-irahan yaiku:

- (1) *Serat Wulang Putra* yaiku serat kang kalebu serat piwulangan kang ana ing kasusastran Jawa klasik. Miturut Purwadi (2006:211) umume serat wulang utawa piwulangan ditulis arupa tembang macapat. Sakabehe ajaran utawa piwulangan nduwensi sipat didaktis. Serat piwulang minangka salah siji sumber pendhidhikan kang didadekake pedomaning urip kanggo mujudake kapribadhen kang becik sajrone tumindak (Sadewa sajrone Purwadi, 2006: 212).
- (2) Moral ing sawijining crita anduweni maksud minangka sawijine saran kang ana gegayutane karo piwulang moral tartamtu lan anduweni sipat praktis, lan bisa dijupuk lan ditafsirake liwat crita dening pamaos. Miturut Nurgiyantoro (2010, 324-325) ngandharake yen jinis moral kaperang dadi 3 yaiku: 1) moral kang gegayutan antarane manungsa karo Tuhan, 2) moral kang gegayutan antarane manungsa karo diri pribadhi, lan 3) moral kang gegayutan antarane manungsa karo manungsa liya ing lingkup sosial lan lingkungan alam.

- (3) Piwulangan moral yaiku piwulangan kang tujuwan nguwatake karakter moral generasi penerus, ngarahake pawongan supaya nduweni karakter becik lan kuwat, lan supaya pawongan bisa sesrawungan kanthi tujuwan urip kang becik ing bebrayan (Dreeben sajrone Zuriah, 2011:22).
- (4) Piwulang putra yaiku pendhidhikan kang ora mung ditujukake kanggo anak, nanging sawise anak nduweni karakter becik lan ditrapake ing bebrayan bisa nduweni karakter kuwat yaiku dadi manungsa dewasa (Havighurst sajrone Monks lan Knoers, 1998:291)
- (5) Sosiologi sastra yaiku tintingan kang merkarakake karya sastra iku dhewe, kang dadi punjere yaiku apa kang sumirat sajrone karya sastra (Wellek lan Warren terjemahan Melani Budianta, 2014:100)

## TINTINGAN KAPUSTAKAN

### Deskripsi Naskah

Deskripsi naskah yaiku gegambaran saka kahanane naskah. Miturut Purnomo (2013:40) deskripsi naskah nduweni perangan-perangan naskah, antarane: (1) irah-irahan naskah, (2) papan panggonan kang nyimpen, (3) nomor naskah (yen ana) ditulis kanthi jangkep lan cetha, (4) asmane Panganggit utawa panyalin (yen ana), (5) bahane naskah, (6) ukuran naskah, cacahing kaca (utawa lempit, bilah), (7) cacahing gatra saben sakaca ing naskah, (8) jinise tulisan kang digunakake, (9) kahanane tulisan (cetha, burem, rusak), (10) kahanane naskah, umure, lan (11) perangan-perangan liya kang gegayutan karo kahanan fisike naskah. Kajaba kuwi, uga ngandharake isine naskah.

### Konsep Moral

Tembung moral asale saka basa latin, yaiku tembung *Mores* kang nduweni teges kasusilan, tabiat, utawa kalakuwan. Moral kaya mangkono tegese piwulang kasusilan (Salam, 1997:2). Tembung moral tansah gegayutan karo apik lan alane manungsa (Suseno, 2005:19). Moral uga ngatur bener utawa klerune tumindake manungsa. Mula, moral ora bisa dipisahake saka etika. Prakara iku ana amarga etika ora amung tambahan moral, nanging sawijine filsafat utawa pikiran kritis lan dadi dhasar ngenani piwulang lan wejangan moral (Suseno, 2005:14). Pancen moral lan etika iku angel dibedakake. Mula saka

iku, supaya bisa dibedakake antarane moral lan etika yaiku kanthi nengenake yen prinsip moral ora mung ngenani masyarakat lan budaya tartamtu, nanging minangka ukum kang lumaku ing masyarakat supaya patuh marang ukum, dene etika ngenani tumindak pribadhi lan sosial kang bisa ditrima dening masyarakat.

Koentjaraningrat (1984:443) ngandharake yen wong Jawa saiki wis antuk daya pangaribawa saka nilai-nilai budaya manca kang bisa ngrusak nilai-nilai budaya tradhisi kang ana. Nanging sejatiné apik eleke moral kang diduweni sawijine pawongan gumantung marang penhidhikan moral kang diantuki. Endraswara (2006:81) ngandharake yen kaluwarga mujudake saklompoke wong kang utama kang weneh daya pangaribawa tumrap moral kang diduweni anak.

Moral sajrone crita minangka wujud gambaran wawasan uripe pangripta ngenani pandhangane marang nilai-nilai kang dianggep becik lan bener. Miturut Kenny (Nurgiyantoro, 2010:321) moral ing sawijining crita biyasane anduweni maksud minangka sawijine saran kang ana gegayutane karo piwulang moral tartamtu lan anduweni sipat praktis, lan bisa dijupuk lan ditapsirake liwat crita dening pamaca. Moral minangka pituduh kang sengaja diwenehake karo prakara-prakara kang ana ing urip bebrayan, kayata sikap, solah bawa, lan unggah-ungguh uga tepe slira ing sesrawungan.

Pangripta ngripta karya sastra kasebut kanggo menehi gambaran panguripan kang *diidealkan*. Adhedhasar andharan ing dhuwur bisa didudut yen tujuwan nyinaoni moral akeh pigunane tumrap manungsa anggone nglakoni urip bebrayan. Sawijine guna yaiku bisa ngowahi sipat eleke manungsa dadi kang luwih apik sarta uga bisa didadekake pedhoman urip manungsa anggone tumindak ing urip bebrayan.

Moral anduweni sipat kang ora ana watese. Moral lumrahe ngrembag sakabehe masalah kang ana gayutane karo panguripan, harkat lan martabat manungsa. Mula jinise moral bisa maneka warna. Miturut Nurgiyantoro (2010, 324-325) ngandharake yen jinis moral kaperang dadi 3 yaiku: 1) moral kang gegayutan antarane manungsa karo Tuhan, 2) moral kang gegayutan antarane manungsa karo diri pribadhi, lan 3) moral kang gegayutan antarane manungsa karo manungsa liya ing lingkup sosial lan lingkungan alam. Dene miturut Milan Rianto (Zuriah, 2011:27-33) ngandharake yen moral kaperang dadi 3 yaiku: 1) moral agama/Tuhan, 2) moral marang sesama, lan 3) moral sosial (lingkungan).

### Pendhidhikan Moral

Miturut Dewey sajrone Haricahyono (1995:56) pendhidhikan minangka babagan penting kanggo nggayuh tujuwan. Moral uga nduweni peran penting sajrone pendhidhikan. Mula, moralitas nduweni tanggung jawab sajrone pendhidhikan kanggo mangerteni sakabehe tujuwan lan nilai kang diperlukake sajrone pendhidhikan yaiku moral iku dhewe. Moralitas nduweni daya pangaribawa gedhe marang pendhidhikan moral.

Pendhidhikan moral yaiku upaya kanggo mbantu anak tumuju ing tahap *perkembangan* selaras karo *kesiapan dhiri* (Haricahyono, 1995:64). Pendhidhikan moral minangka upaya pendhidhikan kang nduweni kalodhangan *menstimulasi* pribadhi lan percaya dhiri. (Haricahyono, 1995:204). Pendhidhikan moral yaiku upaya kanggo ngembangake pola tumindak pawongan kang selaras karo aturan sajrone masyarakat. Aturan iki awujud moralitas utawa *kesusilaan* kang ngemot nilai-nilai lan panguripan sajrone bebrayan. Karana ngrembag ngenani nilai lan kanyatan, mula pendhidhikan moral luwih nengenake masalah kang migunani kanggo pamikiranane kanggo ndudut endi babagan kang migunani tumrap dhiri utawa wong liya. (Zuriah, 2011:19)

Pendhidhikan moral dianggep minangka *didactic instruction* yaiku adhedhasar sipat kang biyasane adoh saka apa kang diweruhi dening bocah-bocah (Cheppy, 1988:4). Budiningsih (2004:72) Pendhidhikan moral yaiku jinis kemampuan kognitif kang diduwensi dening saben pawongan kanggo nimbang, mbiji, lan milih tumindak adhedhasar prinsip-prinsip moral kaya becik utawa ala, etis utawa ora etis, bener utawa salah. Pendhidhikan moral yaiku proses kang nduweni fungsi minangka *arah* lan prinsip kanggo panguripane anak ngenani moral kang kudu diandharake lan diwulangake (Cheppy, 1988:103). Pendhidhikan moral yaiku program pendhidhikan sekolah lan *luar sekolah* kang ngorganisasikake lan nyederhanakake sumber-sumber moral lan *Menyediakan* kanthi nggatekake psikologis pawongan kanggo tujuwan pendhidhikan. (Zuriah, 2011:22) Pendhidhikan moral umume tumuju ing *pengembangan konsepsi keadilan* kang *dipengaruhi* dening pamikiran (Rawls sajrone Haricahyono, 1995:210)

Pentingne pendhidhikan moral miturut Haricahyono (1995:203) pendhidhikan moral yaiku pendhidhikan tertinggi minangka pendhidhikan paling becik lan babagan paling onjo sajrone moral nduweni guna kang paling

gedhe, pengembangan *empati* kang dhuwur, lan bisa nganalisis tanggung jawabe sacara jeruh.

Situwasi pendhidhikan moral yaiku panggonan subjek dhidhik minangka upaya kanggo ngetrapake tumindak moral kanthi tujuwan subjek dhidhik nduweni pamikir wicaksana (Haricahyono, 1995:208). Pendhidhikan moral ngemot ajaran-ajaran kang adhedhasar aturan lan prinsip keadilan sajrone wacana, kanggo ndhisikake kepentingan wong liya tinimbang kepentingan pribadhi. Pribadhi kang didhidhik sacara moral yaiku pribadhi-pribadhi kang tansah sinar kanggo urip adhedhasar siji cara kang mampu *merefleksikan* sarta mujudake kewajiban kanggo ngembangake norma-norma lan cita-cita sosial. Pribadhi kasebut sacara sadhar lan bangga yen nduweni nilai sajrone tumindake (Haricahyono, 1995:360)

Pendhidhikan moral nduweni tujuwan nguwatake karakter moral generasi penerus. Tujuwan pendhidhikan yaiku ngarahake pawongan supaya nduweni karakter becik lan kuwat, lan supaya pawongan bisa sesrawungan kanthi tujuwan urip kang becik ing bebrayan (Dreeben sajrone Zuriah, 2011:22). Haricahyono (1995:80) Pendhidhikan moral kanggo ngrembakake aspek afektif minangka unsur *perasaan* moral, kawujud sajrone kemampuan kanggo ndudut sudut pandhang wong liya lan supaya bisa manggonake dhiri ing kahanane wong liya. Miturut Budiningsih (2004:72). Sakabehan minangka kesadharan pawongan sajrone ngurmati wong liya

Pendhidhikan moral diperlokake kanggo nguwatake karakter utawa watak bocah saengga bocah ora gampang kapangaruh karo pangrembakane jaman. Pendhidhikan moral bisa dijupuk saka nilai-nilai luhur tinggalane nenek moyang, salah sijine *Serat Wulang Putra*. Sajrone serat ngemot nilai-nilai luhur kang bisa didadekake sumber piwulangan kanggo bocah utawa manungsa sakabehe.

### Pendhidhikan Anak

Perkembangane manungsa miturut Nursalim, dkk (2007:21-22) antarane yaiku: (1) wektu bayi (antara 0 - 1 taun), (2) wektu anak pra-sekolah (antara 1 - 5 taun), (3) wektu sekolah (antara 6-12 taun), (4) wektu remaja (antara 13 - 21 taun), (5) wektu dewasa (antara 21 - 65 taun), (6) wektu tuwa (antara 65 taun mendhuwur).

Anak yaiku generasi penerus kang bakal nerusake *eksistensi* bangsa (Wiyani, 2013:19). Anak yaiku bocah cilik kudu diwulang kanthi disiplin sajrone perkembangan kapribadhene supaya tumindake selaras karo aturan (Sarwono, 2002:27).

Miturut Hasan (2012:15) pendhidhikan bocah awit cilik yaiku menehi ajaran-ajaran marang anak sadurunge pendhidhikan dhasar utawa SD. Pendhidhikan kasebut minangka upaya menehi ajaran awit lair ngantri umur 6 taun lumantar menehi *rangsangan* kanggo mbantu tuwuh lan perkembangan jasmani lan rohanine bocah, supaya bocah anduweni pedomaning tumindak ing wektu sabanjure. Anak nduweni kalodhangan kanggo *ngekspresikake* apa kang dimangerten. Anak bisa ngandharake apa wae kang ana sajrone pamikirane, masalah, utawa pepengenane. Mula, saka iku bisa ngrembakake kapribadhene secara bebas, nanging tetep ajeg karo aturan, norma, nilai-nilai *pedagogig*, susila, lan agama. Miturut Syafei (2002, 68-107), pendhidhikan anak kaperang saka 3 yaiku:

1) Pendhidhikan anak Usia TK (4,5-5 Taun)

Pendhidhikan anak *pra-sekolah* kang amung adhedhasar pendhidhikan kang diwenehi dening wong tuwa. Bocah antuk pendhidhikan kaperang saka 2 sumber, yaiku saka pendhidhik lan panggonan, lan saka kahanan kang beda.

2) Pendhidhikan anak Usia 12-15 Taun

Bocah umur 12-15 taun yaiku bocah kang wis tuwuh lan bisa nyawiji karo lingkungane. Ing umur iki anak merlokake pangakon sosial. Anak wis bisa milih, mbedakake, narima, nulak, lan mbiji samubarang becik lan ala. Mula pendhidhikan kang diwenehi tambah kudu trep, yaiku kanthi cara ngurmati anane anak ing lingkungan masyarakat. Cara ndhidhik anak umur 12-15 taun utawa anak SLTP yaiku, (a) ndhidhik anak kanthi gayutake tumindake karo kewajibane, (b) ndhidhik anak karo gayutake hak.

3) Pendhidhikan anak Usia SLTA / Remaja

Anak SLTA utawa remaja yaiku anak kang ana ing wektu *transisi* utawa *peralihan* utawa wektu *puber*. Remaja ora bisa sinebut bocah nanging uga ora pantes sinebut dewasa. Ciri-ciri remaja yaiku: 1) wektu puber minangka proses sosialisasi remaja sajrone nemokake "Jati dhiri", 2) remaja asring nglawan wong tuwa, amerga saben kekarepane pengen dituruti, lan 3) remaja ngatonake sikap lan tumindak asipat ngrusak

Pendhidhikan remaja perlu nggathekake saperangan babagan, antarane: a) menehi pangerten kanthi jero ngenani masalah lan kabutuhan, b) kudu ngupayakake supaya remaja mangerten kahanan dhiri, kaluwarga, sekolah lan masyarakat. c) kudu ngupayakake nemu cara utawa metodhe kang trep sajrone dhidhik remaja. Amerga dhiri remaja tansah owah, d) kudu mbantu ngrembakake sistem nilai ing dhiri remaja kanggo menehi kawruh remaja nalika ana ing

kagiyanan pribadhi utawa masyarakat, e) remaja kudu dijak rembugan ngenani babagan kang kudu dilakoni ora mung nglakokake apa kang wis diwenehi dening wong tuwa.

Pendhidhikan ora mung ditujukake kanggo anak, nanging sawise anak nduweni karakter becik lan ditrapake ing bebrayan bisa nduweni karakter kuwat yaiku dadi manungsa dewasa. Havighurst (sajrone Monks lan Knoers, 1998:291) tugas-tugas perkembangan ing wektu dewasa ditemtokake dening masyarakat, antarane adhedhasar saka: bisa mangun kaluwarga, ndhidhik anak, bisa nduweni tanggung jawab minangka warga negara, bisa sesrawungan karo kelompok tartamtu, lan bisa numindakake penggaweyan.

### Naskah lan Teks

Naskah yaiku tulisan tangan kang nyimpen maneka warna pamikiran lan rasa pangrasa minangka asil kabudayan bangsa jaman mbiyen (Barried, 1994:55). Naskah mujudake samubarang kang nyata bisa dideleng utawa dicekel. Umume naskah iku anonim lan ora ana taune. Djamaris (2002:3) ngandharake naskah yaiku sakabehe tulisan tangan tinggalane leluhur ing kertas, lontar, kulit kayu, lan rotan. Miturut Edi Subroto (Purwadi dkk, 2006: 210) Naskah minangka karya sastra lawas asipat didaktis. Sipat didaktis tuwu karana wong Jawa ora ninggalake nilai-nilai luhur kang diduweni, antarane yaiku nilai *religi*, *filosofis*, *etis* lan *estetis*. Karya sastra nduweni nilai-nilai *estetis*. Nilai kasebut gegambaran saka nilai-nilai etis (gegayutan karo tata karma, norma, lan nilai panguripan saben dina). Hazim Amir (Purwadi, 2006: 210) nilai etis iki minangka katrangan saka nilai-nilai filosofis lan nilai filosofis adhedhasar saka nilai-nilai religi (ajaran saka Gusti Pengeren)

Teks yaiku isi naskah kang ngandut idhe-idhe lan amanat (Subandiyah, 2007:57). Teks yaiku kawangun saka pamikiran utawa piwulang kang diwedharake pangripta marang pamaca kanthi wujud crita sajrone teks. Crita kasebut bisa diwaca lan disinaoni saka saperangan ancangan lumantar alur, paraga, lelewaninng basa, lsp. Miturut Purnomo (2011:21) adhedhasar kahanane, naskah minangka samubarang kang nyata, dene teks samubarang kang abstrak. Mula, sajroning ngonccek teks, panaliti kudu tliti anggone maca lan ngerten apa kang ana ing jero teks kasebut.

Jinis teks lawas ana akeh, miturut Purnomo (2011:29-32) naskah lawas ana: (1) naskah epik, (2) naskah historiografi utawa sejarah, (3) naskah basa, (4) naskah geneologi, (5) naskah filsafat, (6) naskah foklor, (7) naskah religi, (7) naskah mitik, (8) naskah etik lan didaktis, (9) naskah ngenani

aturan lan norma hukum, (10) naskah obat-obatan, (11) naskah palintangan, (12) naskah nujum, lan (13) naskah arsitektur. Kawawas saka jinis naskah ing dhuwur, *Serat Wulang Putra* kalebu ing naskah etik lan didaktis, amarga naskah iki ngandut piwulang-piwulang becik sajrone urip bebrayan.

### Masyarakat Jawa lan Sastra Jawa

Istilah masyarakat asale saka basa Latin ateges kanca, dene ing basa Arab ana tembung *syarakat* ateges melu-melu utawa ana *partisipasi*. Masyarakat minangka sagrumbulane manungsa kang padha srawung lan *interaksi*. Manungsa kasebut nduwe rasa nyawiji lan prasarana kang digunakake dening para warga kanggo srawung (Koentjaraningrat, 2009:116). Dene masyarakat Jawa yaiku sagrumbulane manungsa Jawa kang padha srawung lan *interaksi* kang nduweni budaya Jawa kang luhur uga ngugemi lan ngeluri kabudayan Jawa. Masyarakat Jawa yaiku masyarakat kang nggunakake basa "Ibu" yaiku basa Jawa lan manggon ing bageyan tengah lan wetan pulo Jawa (Suseno, 2003:11). Masyarakat Jawa nduweni sistem nilai kang adiluhung sarta nduweni pandoming urip kang cetha kayata wong urip mung mampir ngombe lan sapiturute (Suwarni, 2011:4).

Masyarakat Jawa kaperang saka rong golongan sosial yaiku golongan wong cilik, kang kalebu ing golongan iki saperangan saka para tani lan nduweni penghasilan sethithik ing kutha. Golongan kapindho yaiku kaum priyayi, kang kalebu yaiku kaum pegawe lan wong-wong intelektual (Suseno, 2003:12)

Sajrone masyarakat nduweni ciri kas kang didadekake kanggo nengeri anane masyarakat kasebut, salah sijine basa. Basa Jawa didadekake sarana komunikasi saben dina lan bisa nuduhake ciri kas masyarakat Jawa. Ciri kas kang onjo sajrone kabudayan daerah tartamtu bisa didadekake tandha utawa ciri unik (Ras, 1985:2). Basa Jawa ora namung digunakake ing cecaturan nanging uga digunakake sajrone tradisi *tertulis*. Basa Jawa asring kawedhar ing sajrone tulisan. Tulisan-tulisan kasebut arupa tulisan kang endah. Miturut Purnomo (2013:84) nalika panganggone basa kawedhar sajrone tulisan nduweni makna, nduweni bbobot, lan *mengesankan*, mula bakal ngrembaka ing donya sastra. Kanggo manungsa, sastra minangka wujud pangetrapan panguripan sajrone upaya kanggo *merealisasikan* dhiri dadi tambah manusiawi. Reriptan sastra merlokake *pemahaman* kanggo mangerteni makna kang kinandut sajroning sastra. Sacara umum, sastra lan manungsa tansah nduweni gegayutan.

Ngenani sastra Jawa mesthi ngrembag masyarakat Jawa (Purnomo, 2013:82).

Ras (1985:2) sajrone aspek masyarakat, sastra Jawa yaiku objek studi kang angel nanging narik kawigaten. Sastra Jawa yaiku wujud *pewahyaan* manungsa Jawa (Purnomo, 2013:86). Tegese, sastra Jawa ngalami pangrembakane genre kasusastran Jawa, salah sijine yaiku sastra Jawa modern kang asring sinebut sastra Jawa gagrag anyar. Minangka wujud *pewahyaan* utawa kanyatan *eksistensi* dhirine manungsa Jawa, prakara karya sastra Jawa iku nduweni bobot utawa ora, becik utawa ala, lan kreatip utawa ora gumantung *intelektualitas* manungsa Jawa. Karyakarya sasra Jawa kang nduweni bobot yaiku karya kang diasilake dening panulis Jawa kang dhuwени pengetahuan kang dhuwur uga dadi abdi dalem kang setya (Purnomo, 2013:88)

Karya-karya sastra Jawa Klasik sajrone periode kasusastran Jawa asring kasebut sastra Jawa saka periode "Jawa Baru", mliline saka daerah istana sarta daerah *keterpengaruhannya*. Sajrone kasusastra iki katuju ing karya-karya kang nggunakake basa Jawa Baru awujud tembang macapat lan diripta ing istana Mataram (Purnomo, 2013:92). Saka andharan ing ndhuwur bisa kadudut yen karya sastra Jawa Klasik umume diripta dening para pujangga kraton. Karya sastra kang diripta nduweni bobot utawa mutu kang dhuwur amerga nyritakake kahanan kang dilampahi dek jamane banjur diwedharake arupa tulisan kang endah nganggo basa Jawa Baru. Wujud tulisane yaiku tembang macapat. Salah siji karya ing periode sastra Jawa Klasik kang isih ana ing jaman saiki yaiku *Serat Wulang Putra* karya dening Pakubuwana IX.

### Sosiologi Sastra

Sosiologi minangka studi ilmiah lan objektif ngenani manungsa sajrone masyarakat, studi ngenani lembaga-lembaga lan proses-proses sosial (Swingewood sajrone Faruk, 2013:1). Dene sastra minangka lembaga sosial kang nggunakake basa minangka sarana asil saka reriptan sosial (Damono, 1978:1). Mula, sosiologi sastra objek kajiane yaiku sastra, dene sosiologi yaiku ilmu kanggo mangerteni tandha sosial sajrone sastra.

Sosiologi sastra nduweni gegayutan antarane karya sastra lan panguripan sosial. Sosiologi sastra bisa lair amarga sajrone sastra ngemot saperangan kahanan masyarakat. Miturut Ratna (2014:332-333), karya sastra diripta dening pangripta, dicritakake dening wong-wong tukang crita, banjur ditiru dening paniru. Pawongan-pawongan iki kalebu anggota masyarakat. Pradopo (2001:167), ngandharake yen sastra

nuduhake geegambaran pangguripan manungsa, lan panguripane manungsa iku dhewe yaiku sawijine kanyatan sosial. Karya sastra uga bisa ngemot panemu sing nduwe piguna kanggo nuwuhake sikap sosial tartamtu, utawa kanggo nggambarake kedadeyan sosial tartamtu.

Karya sastra asring nggambarake kahanan masyarakat ing jamane. Miturut Laurendo lan Swingewood (Endraswara, 2011:79) ngandharake ana telung perspektif kang gegayutan karo sosiologi sastra, yaiku (1) panaliten sosiologi sastra nganggep karya sastra minangka dhokumen sosial kang isine ngemot refleksi situwasi gegayutan karo wektu sastra iku diripta, (2) panaliten sosiologi sastra ngandharake sastra minangka kaca benggalane kahanan sosial pangripta karya sastra, lan (3) panaliten sosiologi sastra ngandharake sastra minangka manifestasi sejarah lan sosial budaya. Saka perangan pamawas kasebut bisa didudut yen isi karya sastra kang sumirat bisa diudari amarga migunani kanggo masyarakat.

Miturut Albrecht kang dikutip Wolf (Faruk, 2013:4) ngandharake yen sosiologi sastra nduweni sesambungan antarane nilai-nilai kang diekspresikake karya sastra karo masyarakat.

Wolf (Faruk, 2013:4) uga ngandhrake yen sosiologi sastra yaiku disiplin ilmu tanpa wujud kang gegayutan antarane kasusatran lan masyarakat. Punjere yaiku "makna" saka karya sastra.

Sesambungan sastra lan masyarakat asipat deskriptif. Wellek lan Warren terjemahan Melani Budianta (2014:100) ngandharake yen perangan ilmu sosiologi sastra kaperang dadi telu. Sepisan sosiologi pangripta, kang ngemot perkara status sosial, ideologi sosial, lan kagiyatan pangripta sajabane karya sastra. Kapindho, isi karya sastra, tujuwan, sarta babagan liya kang sumirat sajrone karya sastra dhewe kang ngemot masalah sosial. Katelu, sosiologi sastra kang merkarakake pamaca lan daya pangaribawane karya sastra tumrap masyarakat.

Ian Watt (faruk, 2013) uga ngandharake yen sosiologi sastra kaperang dadi telu, yaiku: (1) konteks soial pangripta, kang ditliti yaiku konteks sosial pangripta, babagan sosial yaiku pakaryane pangripta, lan masyarakat kang ditunjuk pangripta, (2) sastra minangka kaca bengala kanggo masyarakat, kang ditliti yaiku sepira adohe sastra njlentrehake urip kang ana ing masyarakat, (3) fungsi sosial sastra, kang ditliti yaiku gegayutane antarane nilai-nilai sosial kang nduweni daya pangaribawa tumrap karya sastra.

Panaliten iki nggunakake teori Wellek lan Warren kang kapindho, kang mawas sosiologi

sastra ngandharake yen babagan liya kang sumirat sajrone karya sastra dhewe (*Serat Wulang Putra*) kang ngemot masalah sosial. Babagan kang sumirat paling onjo sajrone serat yaiku piwulang moral.

### Lelandhesan Teori

Panganggone teori minangka landhesan kanggo nganalisis salah sawijine perkara ora bisa ditinggalake. Teori iku kang bakal dadi ancer-ancer sajrone panaliten kang arep ditindakake. Teori kang bakal digunakake kanggo nintingi panaliten kang arep kaleksanan yaiku sosiologi sastra.

Panaliten iki nggunakake tintingan sosiologi sastra saka panemune Wellek lan Warren terjemahan saka Melani Budianta (2014) kang ngandharake sosiologi sastra merkarakake karya sastra iku dhewe, kang dadi punjere yaiku babagan kang sumirat sajrone karya sastra. Babagan sumirat sajrone *Serat Wulang Putra* yaiku moral.

Kanggo ngonceki babagan moral nggunakake konsep moral saka pamawase Nurgiyantoro (2010) kang merang jinis moral dadi 3 yaiku: 1) moral kang gegayutan antarane manungsa karo Tuhan, 2) moral kang gegayutan antarane manungsa karo diri pribadhi, lan 3) moral kang gegayutan antarane manungsa karo manungsa liya ing lingkup sosial lan lingkungan alam. Banjur kanggo njlentrehake undherane panaliten nomer lima, yaiku perangan piwulang moral adhedhasar umur nggunakake konsep Pendhidhikan anak saka pamanggihe Syafei (2002) lan Havighurst (sajrone Monks lan Knoers, 1998).

## METODHE PANALITEN Ancangan Panaliten

Ancangan panaliten ditindakake kanggo ngrancang apa kang arep ditliti lan bisa menehi asil kanthi cara kang benar lan apik. Panaliten iki kalebu penelitian kualitatif amerga panaliten ngenani *Serat Wulang Putra* data arupa tetembungan. Miturut Bogdan lan Taylor (Moleong, 2014:4), metodologi penelitian kualitatif yaiku prosedur panelitian kang ngasilake data deskriptif arupa tetembungan kang katulis utawa lisan saka objek kang ditliti.

Miturut Moleong (2014:10) Panaliten kualitatif nggunakake analisis data sacara induktif. Analisis data sacara induktif amarga: (1) sajrone proses induktif luwih bisa nemokake kanyatan sajrone data, (2) analisis induktif bisa gawe sesambungan antara paneliti lan *responden* dadi *eksplisit*, bisa kenal, lan *akuntabel*. (3) bisa

napsirake *latar*, (4) bisa nemokake pengaruh antarane prastawa siji lan liyane, lan (5) bisa ngandharake nilai-nilai. Mula, sajroning nganalisis data nduweni sipat *induktif* lan asiling panaliten luwihi nengenake *makna*. Metodhe panaliten kualitatif digunakake amrih bisa ngolah data kanthi trep. Cara ngandharake panaliten *kualitatif* yaiku nggunakake metodhe deskriptif analitik.

Data-data kang wis kakumpul arupa tetembungan, gambar, lan dudu angka disebabake anane pangetrapan metode kualitatif kanggo nglapurake isine data lan kanggo menehi gambaran diarani metodhe deskriptif (Moleong (2014:11). Metodhe deskriptif analitik yaiku metodhe kanthi cara nggambarkerake kasunyatan banjur dianalisis utawa diwenehi tintingantintingan. Kanthi *etimologis* deskripsi lan analisis yaiku ngudhari (Ratna, 2014:53). Kanthi tintingan deskriptif analitik, diajab panaliten iki bisa menehi gambaran kang cetha lan objektif ngenani bab piwulang sajrone *Serat Wulang Putra*.

### Sumber Dhata lan Dhata

Sumber dhata utama sajrone panaliten *kualitatif* yaiku tembung-tembung lan luwihe yaiku dhata tambahan kayata *dokumen* lsp (Moleong, 2014:157). Sumber dhata utama ing panaliten iki arupa *Serat Wulang Putra* awujud tembang. *Serat Wulang Putra* awujud latin cetak kang wis dialihaksarakake lan dibukukake dening Hardjana Hp kang ana ing Perpustakaan Fakultas Bahasa lan Seni Unesa. Hardjana Hp antuk *Serat Wulang Putra* saka NV Albert Rusche & Co, Surakarta. Sejatine, *Serat Wulang Putra* yaiku perangan saka *Serat Wira Iswara* kang diripta dening Sunan Pakubuwana IX.

Dhata mujudake sawenehing bahan kang bakal ditintingi. Ratna (2014:47) ngandharake sajroning ilmu sastra, sumber dhata kang digunakake arupa reription utawa naskah minangka dhata *formal* kang awujud tembung-tembung, ukara, lan wacana. Dhata kang bakal ditiliti ing panaliten iki arupa sakabehe tembung-tembung lan ukara sajrone *Serat Wulang Putra*. Mligine, tembung-tembung utawa ukara kang ngandhut piwulang moral sajrone *Serat Wulang Putra*.

### Teknik Pangumpuling Dhata

Miturut Moleong (2014:234-235) sajrone pangumpulaning dhata, dhata bisa diklumpukake kanthi cara *wawancara* utawa *pengamatan* saka dokumen. Tata cara nglumpukake dhata kang digunakake sajrone panaliten iki yaiku kanthi cara nggunakake teknik kapustakan.

Teknik kapustakan yaiku teknik panglumpuking dhata kang nggunakake sumber dhata utawa dokumen kang katulis (kapustakan). Miturut Sunarto (2001:28) panaliten sastra kang dadi sumber dhata pustaka yaiku sumber kang awujud dokumen (film, video, lan informasi kang diolehi liwat internet, jurnal, buku-buku, kalawarti ilmiah, lan publikasi kang wis didokumntasikake). Cara nglumpukake dhata-dhata kang dijupuk saka pustaka kanthi nggunakake sistem tandha kang gegayutan karo panaliten iki. tandha kasebut bisa digarisi utawa dicathet. Teknik maca lan nyathet mujudake teknik kang digunakake kanggo ngasilake dhata kanthi maca teks kang dadi sumber panaliten.

Tata cara kang digunakake kanggo nglumpukake dhata dening Moleong (2014:234-235) ing panaliten iki antarane: (1) maca lan nerjemahake. Maca diperlokake kanggo ngertené isi kang kinandut sajrone naskah klasik, nanging uga merlokake proses *terjemahan*, amarga miturut Purnomo (2011:1) sajrone naskah kang kalebu sastra lawas isine bisa dijilentrehake kanthi cetha utawa sumirat (2) sawise panliti maca kanthi mempeng lan dimangerteni saka terjemahan, banjur nggoleki babagan kang onjo supaya bisa nemokake teori kang trep. Babagan onjo sajrone serat yaiku moral. (3) nglompokake tetembungan minangka dhata salaras undherane panaliten (4) nyathet. Teknik nyathet sajrone *Serat Wulang Putra* yaiku nyathet dhata kang ngemot piwulangan banjur menehi tandha utawa kodhe ngenani jinis piwulangan.

### Teknik Nganalisis Dhata

Sajrone panalten iki nggunakake teknik analisis deskriptif. Panaliten kang sipate deskriptif ngandharake apa kang wis ditemokake. Metodhe deskriptif digunakake nalika analisis dhata. Tujuwane saka metodhe kasebut kanggo menehi gambaran saka dhata kang wis dijilentrehake. Teknik analisis ditindakake kanthi cara nintingi prakara-prakara kang kinandut sajrone *Serat Wulang Putra* cundhuk karo tintingan sosiologi sastra. Tintingan sosiologi sastra digunakake minangka lelandhesan nindakake analisis dhata sajrone panaliten.

Miturut Moleong (2014:247) analisis dhata ditindakake kanggo pikantuk gambaran sacara umum ngenani konsep lan prinsip sajrone panaliten. Proses analisis dhata sajrone panaliten kanthi objek *Serat Wulang Putra* yaiku: (1) maca utawa nyinaoni dhata kang awujud pada tembang macapat ing *Serat Wulang Putra*. Tujuwane kanggo menehi tandha lan goleki dhata kang bakal dilebokake ing jinis perangan piwulangan salaras

karo prakara ing undherane panaliten. Dhata-dhata kang wis nglumpuk diarani proses inventarisasi dhata. (2) nyinaoni dhata kang wis ditemtokake kanggo masthikake yen dhata kalebu jinis perangan piwulang moral kang ana. Proses iki diarani klasifikasi dhata. (3) nyatet dhata utawa identifikasi dhata kang kalebu ing perangan jinis piwulangan kang kinandut sajrone *Serat Wulang Putra* salaras karo undherane panaliten. Nyatet dhata kanthi menehi tandha, kaya: nomer bait lan kalebu jinis pupuh apa ing tembang macapat sajrone serat, supaya dhata bisa digoleki kanthi gampang. Tuladhane: Ket: P1= Tembang Kinanthi, 1= Bait sajrone Pupuh: P1/1/..., lan kaca pira. Banjur menehi tandha, piwulang moral kasebut mlebu jinis piwulang moral adhedhasar umur, cocog karo pendhidhikan anak ngendi. Tuladhane: Ket: WM= Piwulang Moral, PA= pendhidhikan Anak, Dadi: WM/PA. (4) Ndeskripsikake dhata, lan (5) Ndudut dhata.

## ASILING PANLITEN

### Deskripsi Naskah

#### 1) Irah-irahan Naskah

Irah-irahan *Serat Wulang Putra* gathuk karo isine serat yaiku piwulangan kanggo putra. Putra tegese anak kang antuk piwulangan moral awit cilik ngantri dewasa. Piwulangan-piwulangan kang diwenehake nduweni tujuwan supaya bisa nduweni piguna nalika anak srawung ing bebrayan.

#### 2) Papan Panggonan Nyimpen Naskah

Objek panaliten *Serat Wulang Putra* iki ana ing sajrone serat kanthi irah-irahan *Serat Wira Iswara* awujud buku. *Serat Wulang Putra* wis ditransliterasi dening Hardjana Hp. Naskah kang wis dibukukake kasimpun ing Perpustakaan Unesa Surabaya Rak lima Sastra, kode 899.204/Pak/S-1 kang dumunung ing Jl. Lidah Wetan, Surabaya-Indonesia.

#### 3) Panulis lan Wektu Panulisan Naskah

Kang diarani panyerat bisa amung nurun utawa nyalin utawa panerbit. Panyalin aksara saka *Serat Wulang Putra* yaiku Hardjana Hp, nanging sajrone naskah reriptan iki bisa katon kang ngripta naskah yaiku Pakubuwana IX. Pethikan kasebut cetha ngatonake yen pangripta nulis serat ing dina Kemis Pon tanggal 21, wulan Muharram wuku 6, wulan jimawal 86, taun 1805.

#### 4) Bahane Naskah

*Serat Wulang Putra* kang ana sajrone naskah *Serat Wira Iswara* bahan naskah kang digunakake saka kertas wernane rada coklat. Kahanane isih apik lan cetha.

#### 5) Ukuran Naskah lan Cacahe Kaca

*Serat Wulang Putra* kang awujud buku, antarane samak lan kaca nduweni amba lan dawa kang padha. *Serat Wulang Putra* nduweni 19 lembar utawa 37 kaca kang ditulis wolak-walik. Jumlah larik saben sakaca ana 32 ngantri 35 larik gumantung saben pupuh. Tulisan serat nduweni amba 3,7 ngantri 8,9 cm lan dawane 16,5 cm.

#### 6) Tulisan Naskah (Aksara)

Tulisan naskah *Serat Wulang Putra* arupa latin cetak. Naskah kang wis dibukukake tulisane katon cetha lan tanpa ana kang rusak. Tulisane ringkes lan katata, mujur mengisor ora wujud paragraf. Gaya panulisan kang nggandharake paraga kang didadekake tuladha nalika menehi gegambarane pawongan kang nduweni watak kang disebutake ing sajrone naskah yaiku jenenge paraga kasebut ditulis

#### 7) Kahanane Naskah

Kahanane *Serat Wulang Putra* wujude isih apik, nanging pinggiran kertas rada suwek saithik amerga saking akehe wong lan ora ngati-ati anggone nyilih. Nanging tulisan isih bisa cetha banget yen diwaca. Panyalin nggunakake tinta warna ireng.

#### 8) Basane Naskah

Basa kang digunakake ing *Serat Wulang Putra* wis katon saka titikane yaiku tembang macapat, mula nggunakake ragam basa Jawa, basa Kawi, lan basa Arab.

## Piwulang Moral Kapribadhen

### a) Jujur

Pawongan kang wis nduweni sipat jujur, pamikirane ngandut prinsip urip kuwat banget saengga ora ana kang bisa nemahi dening babagan apa wae kalebu tumindak ala.

(8) gunggungne wong urip puniki /  
aywa karêm goroh /  
sapa wonge dinoran sukane /  
nadyan silih jasade pribadi /  
lamun nyulanyani /  
lawan karépipun // (P.3/ Pd.4/ SWP)

#### Teges:

Orang hidup itu makin dewasa seharusnya jangan sering berbohong karena semua orang akan tidak suka karena tidak bisa dipercaya. Sampai matipun kalau orang lain tidak akan tau maksud dan niat pada hatinya

Wong kang biyasa tumindak goroh utawa ora jujur ing samangsa uripe bakal ora dipercaya dening wong liya.

**b) Waspada**

Tegese, sekabehe pawongan kudu tumindak becik, nduweni subasita ing tumindake, uga kudu ngati-ngati lan ora sembrana.

**c) Iklas**

Iklas yaiku sikap lila legawa kang dituduhake ana ing sakabehe kahanan.

**d) Satriya Pinandhita**

Miturut Endraswara (2006:37) manungsa kang nduweni sikap satriya pinandhita yaiku manungsa kang bisa ngadahi tumindak nistha.

**e) Sabar**

Sabar yaiku sikap kuwat anggone ngadhepi prakara, ora gampang mutung, narima, lan ora kesusu anggone tumindak.

**f) Narima**

Miturut Endraswara (2006:46) watak nrima yaiku *kesadaran* marang nikmat kang ditrima lan disukuri minangka *karunia Tuhan*.

**g) Ora ngaya (ora meksa)**

Sikap ora ngaya nggambaraké sikap urip wong Jawa anggone nglampahi pengaweyan kang gegayutan karo upaya kanggo nggayuh tujuwan (Endraswara, 2006:45).

**h) Pasrah**

Sikap pasrah marang takdir nduweni *pandangan* yen Tuhan yaiku punjere panguripan.

**i) Tatag**

Tatag yaiku sikap ora gampang mutung.

**j) Wicaksana**

Wicaksana yaiku sikap lan pamikiran kebak pertimbangan kanthi temenan anggone mecahake prakara

**k) Tanggung Jawab**

Tanggung Jawab yaiku kahanan kang kudu ditanggung dening pawongan saka sakabehe tumindake

**l) Ngrumangsani**

Sadar tegese rumangsa, mangerti, lan eling marang kahanan ing awake lan kang ana ing lingkungan sakupenge

**m) Pinter utawa Lanhip**

Lanhip tegese landhep pamikire. Maksude, gampang nampa sakabehing prakara kanthi *cerdas*

**n) Sregep**

Sregep yaiku tumindak kebak semangat kang dilakoni luwih saka wong umume.

**Piwulang Moral Sosial**

**a) Kurmat**

Prinsip iki minangka aturan kanggo njaga kaselarasan.

**b) Rukun**

Rukun yaiku kahanan kang slaras, padha kerja sama, gotong royong, lan ora ana guneman antar sesama

**c) Ngati-atি**

Cara pawongan ngati-atি anggone pocap lan mikir, karana tumindak becik lan alane pawongan nemtokake *harga dhiri* pawongan kasebut.

**d) Lembah Manah (anoraga)**

Miturut Endraswara (2006:39) sikap lembah manah utawa anoraga yaiku sikap pawongan anggone sesrawungan ora ngandhalake pangkat utawa drajate, pawongan ora rumangsa gumedhe ing ngarep saben wong, lan tansah prasaja

**e) Manut**

Manut marang wong tuwa tegese numindakake sakabehe printah lan tansah ngeling-eling sakabehe piwulangan kang diwenehni.

**f) Gampang Srawung**

Gampang srawung yaiku sipat kang diduweni pawongan ora pilih-pilih anggone srawung karo wong liya, senajan karo wong kang lagi wae dikenal.

**g) Migunani Tumrap Sesama**

Migunani yaiku samubarang kang bisa diwenehna utawa nduweni guna. Migunani tumrap sesama yaiku samubarang kang kita duweni kang bisa diwedharake lan dibagi marang wong liya asipat luhung.

**h) Tulung-tinulung**

Tulung tinulung yaiku rasa peduli jroning atine pawongan kang diwujudake arupa tumindak

**i) Suba sita**

Suba sita yaiku aturan becik kanggo nggulawenthah kesopanan masyarakat

**Piwulang Moral Agama**

**a) Eling**

Saben tumindak becik adhedhasar saka kapitayan yen manungsa maha mangerten saben tumindak umate.

**Piwulang Moral sajrone Serat Wulang Putra Gegayutan Karo Umur Bocah**

**1) Piwulang Moral kanggo Bocah**

Piwulang bocah iki ana ing umur antara 4,5 taun - 15 taun. Piwulang moral kang diwenehake marang bocah amung awujud printah.

**a) Sembahyang**

Sajrone piwulangan kang ditujokake kanggo bocah, printah kang diwenehna paling utama yaiku ngenani agama

**b) Mbangun Miturut marang Wong Tuwa**

Saka andharan ing dhuwur ngenani piwulangan sembayang, nalika bocah wis gelem ngetrapake apa kang diprintah, tandhane bocah wis gelem manut marang wong tuwane.

**c) Tulung-tinulung**

Supaya bocah bisa nduwensi sikap merduli marang sesama, supaya bocah uga tansah bisa bayangake yen ana ing kahanan susah.

**d) Tanggung Jawab (Jaluk Ngapura)**

Tanggung jawab ing piwulangan bocah ngenani babagan jaluk apura dilakoni kanthi tujuwan bocah bisa nyadhari yen tumindake salah.

**e) Jujur**

Bocah awit cilik kudu dibiyasakake ing tumindak lan pocapan jujur. Amerga bocah yaiku pawongan kang isih durung kebak pengalaman mula saka iku bocah merlokake piwulangan.

**f) Tatag**

Bocah nduwensi kuwajiban ngangsu ilmu. Nanging nalika rumangsa kangelan, dheweke gampang mutung amerga ora nduwensi daya kanggo ngrampungake prakarae.

**g) Ngurmati marang Sesama**

Ngurmati marang sesama minangka babagan penting kanggo mujudake karakter kuwat lan becik mengko nalika bocah srawung ing lingkungan sekolah

**2) Piwulang kanggo Remaja**

Sajrone piwulangane adhedhasar pangerten lan kabutuhan.

**a) Eling marang Aturan Agama**

Padha kaya kang diandharake ing sakabehe piwulangan. Pangeran yaiku punjure panguripan. Kabeh piwulangan adhedhasar saka ilmu agama.

**b) Lembah Manah (Anoraga)**

Pentingge srawung karo wong liya nyebabake bocah kudu bisa nggawa awake, kudu bisa ngatur saben pocapan lan tumindake.

**c) Saguh**

Saguh yaiku wujud saka tanggung jawab.

**d) Sregep**

Sregep yaiku tumindak kang dibutuhake bocah kanggo numindakake penggaweyan.

**e) Waspada**

Muruki babagan waspada perlu banget diajarake marang bocah supaya bocah bisa ngatiati ing tumindake wong kang nduwe niyat ala.

**f) Pinter utawa Lanthip**

Pinter uga minangka kabutuhane saben manungsa.

**g) Wicaksana**

Wicaksana bisa diduweni saben pawongan. Pathokan pawongan bisa nduwensi sikap iku nalika wong kasebut wis bisa mbedakake endi babagan becik lan ala, kaya dene remaja. Remaja

mbutuhake sikap iki supaya disenengi wong kang srawung karo dheweke.

**h) Narima**

Sikap narima diperlokake bocah remaja kanggo mangerteni kahanane dhewe utawa pawongan kang ana ing lingkungan sakupenge tanpa nesu utawa *berontak*.

**i) Ora Ngaya (ora meksa pepenginan)**

Piwulangan remaja tamtune babagan ora ngaya, uga merlokake bimbingan supaya bocah bisa luwi mahami kahanane wong tuwa. Ora ngaya tegese ora meksa anggone nggayuh pepengenan.

**j) Ora Antuk Gampang Percaya**

Kabutuhan bocah remaja ora amung piwulangan kang wis diandharake ing dhuwur. Babagan ngati-atি marang pocapane wong liya kudu diweruhi kanggo kabecikan uripe bocah dhewe ing wektu sabanjure. Piwulangan lumantar tetembungan lan piweling migunani banget kanggo diwulangake kerana bocah bisa ngowahi pamikir lumantar prastawa kang ana ing lingkungan sakupenge lan ajaran agama sadurunge.

**3) Piwulang Moral kanggo Dewasa**

Sajrone panaliten iki, piwulangan wektu dewasa adhedhasar *pemahaman* pengetahuan lan bisa nyebabake kabecikan. Piwulangan kasebut kaya ngisor iki:

**a) Waspada**

Pawongan tamtune wong kang wis bisa wicaksana anggone njupuk putusan kudu bisa luwihi wicaksana maneh ing tumindake. Amerga pawongan kasebut dadi patuladhan kanggo bocah. Ing panaliten iki sajrone serat waspada kaperang dadi loro yaiku Waspada Nalika Anduweni Kalungguhan Sosial lan waspada ing sasmita.

**b) Tatag ing Kahanan**

Pacoban uripe wong kang wis nduwensi bojo nyebabake ruwet ing uripe pawongan. Nalika pawongan rumangsa kangelan ngadhepi kahanan kasebut asring mungkasi.

**c) Migunani**

Dadi wong luwihi becik yen migunani kanggo sesama utawa kanggo bocah tamtune babagan ilmu.

**PANUTUP**

**Dudutan**

Adhedhasar dhata kang wis dikumpulake lan dianalisis ing bab sadurunge, ing bab iki

bakal diandharake dudutan. Dudutan kanggo nyimpulake sakabehe asiling panaliten lan pramayoga kanggo mangun panaliten kang luwih becik ing panaliten sabanjure.

Serat *Wulang Putra* minangka serat kang ana sajrone kasusastran Jawa klasik. Serat diripta dening Pakubuwana IX. Jumbuh karo irah-irahane yaiku *Serat Wulang Putra*, isi sajrone serat ana babagan kang paling onjo yaiku piwulangan moral. Mula, ing panaliten iki nduweni irah-irahan piwulang moral sajrone *Serat Wulang Putra*.

Piwulang moral sajrone serat minangka babagan kang sumirat. Babagan kang sumirat sajrone panaliten iki ditintangi nganggo teori sosiologi sastra. Teori sosiologi sastra kang digunakake nengenake babagan kang sumirat sajrone karya sastra dhewe. Ngrembag babagan moral ora ana watese. Mula nganggo konsep moral, jinis piwulang moral ing panaliten diperang dadi telu yaiku: (1) piwulang moral kapribadhen, (2) piwulang moral sosial, lan (3) piwulang moral agama. Piwulang-piwulang kang ana minangka cara diandharake miturut perangan kang ana sajrone serat. Piwulangan moral kasebut kanggo patuladhan nalika mulang bocah kanggo urip saben dina. Perangan piwulang kasebut diandharake lan diwulangake kanggo mujudake karakter becik bocah.

Perkara piwulang moral kang wis kinandut saliyane kang wis diandharake bisa kaperang maneh miturut konsep pendhidhikan anak kang diperang dadi telu: (1) piwulang moral kanggo bocah, (2) piwulang moral kanggo remaja, lan (3) piwulang moral kanggo dewasa. Piwulangan moral ing wektu bocah-bocah adhedhasar printah. Tujuwane supaya bocah manut marang printah lan numindakake. Piwulangan moral wektu remaja adhedhasar kabutuhan. Tujuwane karana bocah remaja wis bisa nggunakake logika kanggo mikir samubarang tartamtu kanthi ngira-ngira. Saka babagan iki wong tuwa amung bisa ngarahake dalan kang becik kanggo bocah remaja saliyane iku bocah dhewe kang njupuk putusan becik kanggo dalan panguripane ing tembe. Piwulangan wektu dewasa lumrahe adhedhasar saka pengetahuan lan pengalaman. Tujuwane bisa ngowahi pamikirane wong supaya tumindak guna

### Pramayoga

Adhedhasar tintingan kang wis diandharake ing bab IV, panliti anduweni pangarep-arep supaya panaliten iki bisa nambahi kawruh tumrap panliti lan pamaos saengga bisa nambah seserepan lan njembarake kawruh.

Panaliten iki uga dikarepake minangka referensi tumrap panaliten sabanjure kang saemper, saengga bisa luwih jembar lan jero anggone ngandharake panaliten mligine ngenani babagan moral sajrone karya sastra lawas kang wis sumebar ing bebrayan. Panaliten iki uga bisa dadi patuladhan lan cara kanggo mulang bocah. Saliyane babagan kang migunani ing panaliten iki, uga nduweni kurang. Salah sijine yaiku namung ngrembag babagan sumirat sajrone serat. Kanggo pamaca utawa panliti sabanjure kang kapengen nemokake babagan linuwih saka apa kang wis dirembag bisa aweh kritik lan saran kanggo sampurnane panaliten sabanjure saka objek panaliten iki.

### KAPUSTAKAN

- Barried, Siti Baroroh, dkk. 1994. *Pengantar Teori Filologi*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa
- Budiningsih, Asri .C. 2004. *Pembelajaran Moral*. Jakarta: PT Rineka Cipta
- Damono, Sapardi Djoko. 1978. *Sosiologi Sastra Sebagai Pengantar Ringkas*. Jakarta: Departemen Pendidikan & Kebudayaan
- Darmanto, Jatman. 2000. *Psikologi Jawa*. Yogyakarta: Yayasan Bintang Budaya
- Djamaris, Edward. 2002. *Metode Penelitian Filologi*. Jakarta: CV. Manasco
- Endraswara. 2006. *Budi Pekerti Jawa: Tuntunan Luhur dan Budaya Adiluhung*. Yogyakarta: Buana Pustaka
- \_\_\_\_\_ 2011. *Metodologi Penelitian Satra: Epistemologi, Moral, teori dan Aplikasi*. Yogyakarta: Caps
- Faruk. 2013. *Pengantar Sosiologi Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- HC, Cheppy. 1988. *Pendidikan Moral dalam Beberapa Pendekatan*. Jakarta: Depdiknas
- Hardjana. 1979. *Serat Wira Iswara*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan
- Haricahyono, Cheppy. 1995. *Dimensi-dimensi Pendidikan Moral*. Semarang: Ikip Semarang Press
- Hasan, Maimunah. 2012. *Pendidikan Anak Usia Dini*. Jogjakarta: Diva Press
- Hutomo, Suripan Sadi. 1975. *Telaah Kasusastraan Jawa Modern*. Surabaya: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa, Departemen Pendidikan dan Kebudayaan
- Koentjaraningrat. 1984. *Kebudayaan Jawa*. Jakarta: Rineka Cipta

- \_\_\_\_\_ 1985. *Kebudayaan Mentalis dan Pembangunan*. Jakarta: PT Gramedia
- \_\_\_\_\_ 2009. *Pengantar Ilmu Antropologi*. Jakarta: Rineka Cipta
- Moleong, Lexi J. 2014. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya
- Monks, F.J dan Knoers, A.M.P. 1998. *Psikologi Perkembangan*. Diterjemahkan oleh Haditono, Siti Rahayu. Yogyakarta: UGM Press
- Mulder, Niels. 1986. *Simbolisme Dalam Budaya Jawa*. Yogyakarta: UGM University Press
- Nurgiyantoro, Burhan. 2010. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Universitas Gajah Mada Press
- Nursalim, Mochamad, dkk. 2007. *Psikologi Pendidikan*. Surabaya: Unesa Press
- Padmosoekotjo, S. 1955. *Ngrengrengan Kasusastran Djawa*. Yogyakarta: Hien Hoo Sing
- Pradopo, Rachmad Djoko, dkk. 2001. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: PT Hanindita Graha Widia
- Purnomo, Bambang. 2011. *Kesusastraan Jawa Pesisiran*. Surabaya: CV. Bintang  
\_\_\_\_\_ 2013. *Filologi dan Studi Sastra Lama*. Surabaya: Perwira Media Nusantara
- Purwadi dan Dwiyanto. 2006. *Cokro Manggilingan: Konsep Hidup Jawa Untuk Mencapai Ketentraman Lahir Batin*. Yogyakarta: Gelombang Pasang
- Ras, J.J. 1985. *Bunga Rampai Sastra Jawa Mutakhir*. Jakarta: Grafiti Pers
- Ratna, Nyoman Kutha. 2014. *Teori, Metode, dan teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Salam, Burhanuddin. 1997. *Etika Sosial, Asas Moral Dalam Kehidupan Manusia*. Jakarta: Rineka Cipta
- Subandiyah, Henny. 2007. *Filologi dan Metode Penelitiannya*. Surabaya: Unesa University Press
- Sarwono, Sarlita Wirawan. 2002. *Psikologi Remaja*. Jakarta: PT Raja Grafindo
- Suseno, Franz Magris. 2003. *Etika Jawa*. Jakarta: Gramedia  
\_\_\_\_\_ 2005. *Etika Dasar: Masalah-masalah Pokok Filsafat Moral*. Yogyakarta: Kanisius
- Suwarni dan Sri Wahyu Widayati. 2011. *Dasar-dasar Upacara Adat Jawa*. Surabaya: Penerbit Bintang Surabaya
- Syafei, M. Sahlan. 2002. *Bagaimana Anda Mendidik Anak*. Jakarta: Ghalia Indonesia
- Wellek & Warren. 2014. *Teori Kesusastraan* terjemahan Melani Budianta. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama
- Zuriah, Nurul. 2011. *Pendidikan Moral dan Budi Pekerti Dalam Perspektif Perubahan*. Jakarta: PT Bumi Aksara



UNESA  
Universitas Negeri Surabaya